

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Sumber Data

Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta ti mana asalna subjék data ditalungtik (Arikunto, 2006: 129).

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh kalimah tanpagawéan dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman nu kandelna 92 kaca, ukuran bukuna nyaéta 20,6 cm x 14,5 cm x 0,5 cm. Novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman mibanda 10 episode, pamedal Geger Sunten: Bandung, citakan kahiji taun 1995, citakan kadua taun 1999, citakan katilu taun 2001, citakan kaopat taun 2005. Sakabéh kalimah tanpagawéan tina éta novél dijadikeun populasi, sakabéh populasi dijadikeun sampel. Jadi, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (7) ngumpulkeun data, (8) nganalisis data, (9) nyieun kacindekkan, jeung (10) nyusun laporan (Arikunto, 2006: 22-23). Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan di handap.



**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan maké méthode déskriptif analitis nyaéta méthode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual kalawan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 1993: 270).

Sandri Sandiansyah, 2012

Kalimah Tanpagawean Dina Novel *Patepung Di Bandung* Karangan Taufik Faturohman Pikeun Pangajaran Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Data anu didéskrripsikeun téh nyaéta sakabéh kalimah tanpagawéan anu kapanggih dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman.

### 3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, panalungtik perlu ngébréhkeun wangenan-wangenan operasional nu patali jeung judul panalungtikan. Wangenan operasional dina ieu judul panalungtikan disebut ieu di handap.

- 1) Kalimah tanpagawéan atawa kalimah *nonvérbal* nya éta kalimah anu caritaanana lain kecap pagawéan atawa lain vérbal. Nu kaasup kalimah tanpagawéan téh nya éta kalimah barang (*nominal*), kalimah sipat (*adjéktival*), kalimah bilangan (*numeral*), jeung kalimah pangantét (*préposisional*) (Sudaryat, 2007: 258).
- 2) Novél téh carita anu panjang dina wangun lancar. Jalan caritana loba bagian-bagianna, kitu deui palakuna loba, atuh mangsa kacaterna ogé lila. Dina novél mah langka aya hal anu pamohalan. Palaku, jalan carita, tempat, jeung waktu kajadian téh kaayaanana bisa ditarima ku akal (Rusyana, 1984:125). Dina ieu panalungtikan sumber panalungtikan novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman, dijadikeun sumber data panalungtikan.
- 3) Bahan Pangajaran Maca
 

Bahan pangajaran maca téh kudu mangrupa hiji wacana, nu eusina kudu winangun kajian informasi anu diwadahan ku téma pembelajaran. Eusi wacana maca bisa dijieun jadi bahan kajian babaran kecap, gaya basa, jeung

struktur anu luyu dumasar kana psikologi perkembangan siswa (tujuan program) (Sudaryat spk, 2007: 64)

#### 4) Tilikan Struktur

Tilikan struktur dina ieu panalungtikan museurkeun kana wangunan atawa pola kalimah anu diwangun ku jejer mangrupa kecap atawa frasa barang jeung caritaan mangrupa kecap / frasa lain pagawéan, diantaranya kecap atawa frasa barang, sipat, bilangan, jeung pangantét.

#### 5) Tilikan Semantis

Tilikan Semantis dina ieu panalungtikan nyaéta tatali harti antar caritaan jeung jejer atawa unsur pangwangun séjén dina kalimah tanpagawéan.

Dumasar kana wangenan operasional di luhur, anu dimaksud ku kalimah tanpagawéan dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman pikeun bahan ajar basa Sunda di SMA (tilikan struktur jeung semantis) nyaéta déskripsi ngeunaan struktur, wanda jeung tatali harti kalimah tanpagawéan tina novél *Patepung di Bandung* sarta rarancang bahan pangajaranana pikeun murid SMA.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina prak-prakna nganalisis data, instrumén anu digunakeun nyaéta sistem korpus atawa kartu data. Carana ku jalan nyalin deui kalimah-kalimah tanpagawéan anu kapanggih tina novél *Patepung di Bandung*, dilengkepan kode novél, kaca jeung padalisan tempat dicokotna éta kalimah, nyirian kalimah tanpagawéan maké gurat handap.

Ieu di handap conto kartu data:

**Tabel 3.2**  
**Kartu Data**

<b>KARTU DATA</b>	
Kode	: (PB/8/2/1)
Kalimah	: kitu baé daganganana téh sabangsa dahareun asakan.
Caritaan	: sabangsa dahareun asakan
Adegan kalimah	: J + C
Harti	: nuduhkeun identitas
Wanda caritaan	: Nominal/barang

Katerangan :

(PB/8/2/1) = PB (nyaéta kode novél *Patepung di Bandung*) / 8 (nyaéta kaca novél) / 2 (nyaéta padalisan dina novél) / 1(nyaéta pada atawa alinéa)

J = Jejer

C = Caritaan

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta (1) téhnik ulikan pustaka, (2) téhnik analisis téks. Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun data kalimah tanpagawéan tina novél *Patepung di Bandung* nu jadi sumber datana. Ari Téhnik analisis téks mah digunakeun pikeun nganalisis ngeunaan gambaran kalimah tanpagawéan nu aya dina novél *Patepung di Bandung*.

#### 3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik Ngumpulkeun data mangrupa salasahiji cara (*prosedur*) anu kudu digunakeun dina meunangkeun data. Sangkan tujuan anu dipiharep kahontal, téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka.

Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun data tina sumber data saperti ieu di handap:

- 1) Nangtukeun sumber data anu mangrupa basa Sunda ragam tinulis nyaéta data kalimah tanpagawéan;
- 2) Maca jeung nyirian data;
- 3) Nuliskeun data anu kapilih dina kartu data, sakalian nangtukeun idéntitasna;
- 4) Milah-milah korpus dumasar kana ciri-ciri anu sarua;
- 5) Méré nomer korpus dina kartu data; jeung
- 6) Mindahkeun data tina kartu data kana tabél.

### 3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Sakumaha anu geus ditétélakeun dina ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Léngkah-léngkah ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap:

- 1) Mariksa atawa niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) Milah-milah kalimah tanpagawéan;
- 3) Ngitung perséntase kalimah tanpagawéan;
- 4) Nyieun kacindekan tina kalimah tanpagawéan anu ditalungtik; jeung
- 5) Nyusun bahan pangajaran kalimah tanpagawéan basa Sunda pikeun murid SMA.